

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Aya opat kaparigelan basa anu kudu dicangking ku jalma, nya éta: maca, ngaregepkeun, nulis, jeung nyarita. Kaparigelan ngaregepkeun jeung maca kaasup kaparigelan anu réseptif, sedengkeun nyarita jeung nulis kaasup kaparigelan anu produktif. Tina kaparigelan éta téh kaparigelan nulis mangrupa kompetensi kaparigelan anu penting.

Kaparigelan nulis penting pisan pikeun kahirupan manusa jaman kiwari, sabab nulis mangrupa alat pikeun komunikasi sacara teu langsung anu diébréhkeun ngaliwatan média tinulis. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Tarigan (2008, kc. 3) yén nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung jeung jalma séjén.

Kaparigelan nulis ogé kawilang hésé lantaran ngaliwatan sababaraha prosés. Hal anu ngabalukarkeun kamampuh nulis hésé dikawasa téh kusabab nu nulis diperedih maham sababaraha unsur basa jeung unsur di luar basa nu rék dijadikeun eusi tulisan, ogé kudu mampuh matalikeun antara unsur basa jeung unsur eusi sangkan bisa ngahasilkeun tulisan anu gembler tur ngéntép seureuh (Iskandarwassid jeung Sunendar 2011, kc. 248). Salian ti éta, dina prakna teu sakabéh jalma mampuh ngébréhkeun ideu, pamikiran atawa kereteg haténa dina wangun basa tinulis/lisan.

Tulisan atawa karangan kabagi jadi dua nya éta karangan fiksi jeung karangan non fiksi. Karangan wangun fiksi di antarana aya puisi, prosa, jeung carita drama. Puisi téh aya puisi heubeul salasahijina nya éta sisindiran.

Nurutkeun Tamsyah (1997, kc.25) sisindiran asal kecapna tina sindir, anu hartina omongan anu teu togmol atawa langsung diucapkeun ka jalma nu diajak nyarita. Sindir sarua jeung sisi atawa sampir. Ku kituna, sok aya omongan sindir sampir, nya éta ngomong teu langsung atawa dibalibirkeun. Aya tilu rupa sisindiran nya éta (1) paparikan, (2) rarakitan, jeung (3) wawangsalan. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 71)

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pararikan téh nya éta salahsahiji wangun sisindiran anu mentingkeun padeukeutna sora (sada) dina cangkang jeung eusi.

Dina pangajaran kaparigelan nulis, di antarana aya pangajaran nulis pararikan. Pangajaran nulis pararikan kaunggel dina Kurikulum Tingkat Daerah Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda pikeun kelas VIII SMP/MTs, siswa diperedih bisa nulis pararikan. Anu nuduhkeun yén siswa téh kudu bisa nulis pararikan nya éta, aya dina Kompetensi Dasar 8.4.4 *Mengekspresikan sisindiran dalam bentuk tulisan dan lisan (misalnya melalui poster, meme, atau tempas sindir) dengan memperhatikan struktur, ekspresi, dan lentong kalimat secara lisan dan tulisan* (Disdik Prov Jabar, 2013 kc. 47).

Anu dipiharep kamampuh atawa kompetensi anu hayang dihontal dumasar éta kurikulum nya éta dina wangun tulisan jeung lisan. Kompetensi dina wangun tulisan salasahijina nya éta dina struktur sisindiran. Struktur sisindiran anu dimaksud téh dina sisindiran diwangun ku opat padalisan, murwakanti anu a-a-a-a atawa a-b-a-b, aya padalisan cangkang jeung eusi, eusi sisindiran aya piwuruk, silih asih jeung sésébréd.

Kayaan nu kapanggih di lapangan, yén siswa masih kénéh can bisa (1) dina nyieun cangkang jeung eusi, (2) dina guru wilangan anu sok leuwih atawa kurang tina jumlah engang anu geus ditangtukeun, (3) dina pamilihan kecap anu teu murwakanti, (4) hubungan antara padalisan cangkang jeung eusi anu teu nyambung, (5) can bisa nangtukeun eusi pararikan (6) dina ngagunakeun éjahanna anu can bisa ngabédakeun huruf vocal é, eu jeung e sarta dina ngagunakeun titik (.) jeung koma (,) dina unggal tungtung padalisan, (6) jeung dina ngabédakeun antara pararikan jeung rarakitan.

Hasil pangajaran basa Sunda anu can nyugemakeun éta téh ku sabab ayana faktor ti siswa jeung faktor ti guru. Faktor ti siswa nya éta kurangna minat siswa kana diajar pararikan lantaran dianggap hésé dina ngaréka kekecapanna, (2) teu sakabéh siswa nu wanoh kana pararikan, (3) teu nyaho kana unsur penting dina pararikan. Faktor ti guru nya éta kurangna kamampuh guru dina milih téhnik pangajaran, nu antukna guru ngan ukur maké téhnik ceramah hungkul dina prosés pangajaran. Saenyana, hal siga kitu bisa ngabaluarkeun prosés diajar nulis pararikan henteu kondusif sarta hasilna kurang nyugemakeun. Padahal

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPERIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

réa pisan téhnik pangajaran anu bisa dipaké salian ti téhnik ceramah, di antarana waé téhnik tanya jawab, téhnik diskusi, téhnik kerja kelompok, simulasi, démonstrasi, téhnik multisénsori jeung réa-réa deui.

Ku sabab ayana bangbaluh-bangbaluh di luhur, salasahiji tarékahna nya éta guru ngagunakeun modél pangajaran anu saluyu jeung materi, sarta bisa ngirut minat siswa. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Kemp (dina Rahman 2007, kc. 9) yén model pangajaran nya éta proses perencanaan pangajaran nu digunakeun pikeun ngahontal udagan dina unggal topik, ngalaksanakeun *pretest*, ngalaksanakeun kagiatan diajar-ngajar, ngayakeun dukungan pelayanan, ngalaksanakeun évaluasi jeung nyieun révisi.

Dina ieu panalungtikan dipilih modél pangajaran *cooperative* tipe *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran paparikan. *Student Teams Achievement Division* (STAD) mangrupa salasahiji modél pangajaran anu dianggap basajan pikeun guru anyar anu ngagunakeun modél pangajaran *cooperative*. Nurutkeun (Suroyo, 2014) *Student Teams Achievement Division* (STAD) mangrupa modél pangajaran *cooperative* atawa modél pangajaran kelompok, nu diwangun kelompok siswa hétérogén, ieu modél nungtut siswa sangkan silih rojong sarta silih deudeul jeung batur sakelompokna.

Ieu panalungtikan téh lain panalungtikan anu munggaran tapi geus aya panalungtikan saméméhna di antarana anu dilaksanakeun ku mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI. Dina panalungtikan *Student Teams Achievement Division* (STAD) saméméhna aya nu dilarapkeun dina pangajaran basa, aya ogé anu dilarapkeun dina pangajaran sastra. Kahiji, dina kompetensi dasar nulis narjamahkeun ku Meti Kusmayanti “*Modél Student Teams Achievement* (STAD) dina Pangajaran Narjamahkeun kana Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-1 SMA Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)”. Kadua dina kompetensi dasar nulis aksara sunda ku Isni Nursamsiati Asri “*Modél Student Teams Achievement* (STAD) dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur Taun Ajaran 2014/2015). Katilu ku Rifal Lukmanul Hakim anu judulna “*Modél Student Teams Achievement Division* (STAD) pikeun Ngaronjatkeun

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kamampuh Nulis Pupuh (Studi Kuasi Ékspérimén Siswa Kelas VIII-B SMP Negeri 27 Bandung)”.

Nilik kana panalungtikan nu geus aya yén STAD téh éféktif pikeun pangajaran nulis narjamahkeun kana Basa Sunda, nulis aksara Sunda, jeung nulis pupuh. Panalungtikan-panalungtikan nu geus dilakukeun nuduhkeun yén STAD téh cocog pikeun ngajarkeun kaparigelan nulis.

Dumasar kana katerangan di luhur, tétéla can aya panalungtikan anu medar ngeunaan modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina Pangajaran Nulis Paparikan. Ku kituna, panalungtikan ngeunaan “Modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina Pangajaran Nulis Paparikan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah ieu panalungtikan diidentifikasi jeung diwatesanan nya éta ieu di handap:

- 1) kamampuh nulis paparikan ngawengku: jumlah engang dina unggal padalisan, hubungan antar eusi jeung cangkang unggal pada, éjahan, pilihan kecap jeung karapihan tulisan;
- 2) modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) mangrupa modél pangajaran anu *syntaxna* saperti perangkat pangajaran, ngawangun kelompok *cooperative* , nangtukeun skor awal, ngatur tempat diuk, jeung gawé kelompok.

1.2.2 Rumusan Masalah

Anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD)?
- 2) Kumaha kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 sanggeus ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD)?

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis paparikan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD)?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta pikeun nguji atawa ngukur modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 .

1.3.2 Tujuan Husus

Sakumaha anu geus diébréhkeun saacanna, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD);
- 2) kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 sanggeus ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD); sarta
- 3) béda anu signifikan antara kamampuh nulis paparikan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division* (STAD).

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban metodologi pembelajaran dina pangajaran basa Sunda. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun hiji bahan literatur pangajaran di sakola hususna ngeunaan rupaning modél pangajaran anu tujuana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis paparikan.

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPANRIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Manfaat Praktis

Lian ti manfaat teoritis, dina ieu panalungtikan ogé miboga manfaat praktis, nya éta ieu di handap:

- 1) pikeun siswa, bisa nambahan pangalaman siswa dina nulis paparikan kalawan modél pangajaran nu anyar;
- 2) pikeun guru, dipiharep bisa dijadikeun alternatif pangajaran di kelas dina nepikeun matéri ajar paparikan sangkan siswa bisa mikaresep kana matéri ajar paparikan;
- 3) pikeun panalungtik, bisa meunang gambaran ngeunaan kamampuh nulis paparikan saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD), sarta bisa ngajembaran ngeunaan modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran nulis paparikan.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika ieu tulisan disusun lima bab, anu diwincik ieu di handap.

Bab I bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan, manfaat, jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka, raraga mikir, asumsi, jeung hipotésis, medar tiori-tiori nu patali jeung variabel nu aya dina ieu panalungtikan, nya éta tiori ngeunaan modél pangajaran, tiori ngeunaan nulis, jeung paparikan, medar kumaha panalugtikan saméméhna, kumaha kalungguhan tiorina, kumaha raraga mikir, jeung hipotésisna.

Bab III métode panalungtikan, eusina nya éta desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén, prosedur, jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018.

Bab V kacindekan, implikasi jeung saran, eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi.

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Anis Siti Mardiah, 2018
**MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA
PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa
Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018**
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu